Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого, лъилъе, нилъ гьечIого, хур.
Инхоса ГIали-хIажи

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

# Гумбет



Гумбет районалъул газета

№ 17 (6805) 5 май 2022 с. Хамиз Шавал 1443 с. Багьа - эркенаб

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ РОСАБИ

## Данухъ росу цебетIеялъул бицана

### Бакълъулазул цоги росулъеги тIабигIияб газ щвела

**Данухъ росу цебетIеялъул суалал гьоркьор лъураб дандельи тIобитIана араб анкьалъ Бакълъул районалъул бетIер Гьалип Гьалиповас. Дандеруссиналъул хIалтIулъ гIахьаллъи гьабуна «Село Данухъ» поселениялъул нухмалъулев ГIабдулатIип ГIисаевас ва цогидаз.**



Тадбир рагъулаго, Гьалип Гьалиповас ракIалде щвезабуна росабалъ гIадамазул гIумрудул шартIал лъикIлъизе квербакъулел программаби нухдаинари кIвар цIикIкIараб иш букIин. «Бакълъул районалда унел руго росаби тIабигIияб газалдалъун хьезариялъул хIалтIаби. Данухъ росулъе щвезегIан росабазда гьоркьосеб газил мухъ бачун буго, росабалъ жанир газил мухъал рачиналъул ишги тIубан буго. Газалъулал алатал хIалтIизариялъул къотIикъаял гьарулел руго росдал гIадамаз. Бакълъул районалъул администрациялъ нахъеги бажарараб гьабизе буго дандхьадерил гIумрудул шартIал лъикIлъизариялъе»,- ян абуна Гьалип Гьалиповас.

Гьединго дандеруссиналда халгьабуна нухал, къватIал, хIухьбахъиялъул рукъ, ясли-ах, лъималазул байдан ва цогидал кIвар бугел бакIал къачIаялъул. Сахлъи цIуни, росдал магIишат цебетIей, ЖКХялъул масъалабаги рорхана.

Гьединго араб анкьалъ иргадулаб анкьил хIасилал гьариялъул дандельиялдаги гьоркьор лъуна муниципалитеталъул росабалъ гIумру лъикIлъизе мурадалда федералияб ва регионалияб проектал нухдаинариялъул суалал. Дандельи бачана районалъул бетIерасул заместитель Малик Маликовас. Тадбиралда гIахьаллъараз халгьабурал суалазда тIасан данде кколел хIукмабиги гьаруна.

«Гумбет» РИО

КIУДИЯБ БЕРГЬЕНЛЪИЯЛЪ – 77 СОН

## Экстремизмалдаса гIолилал цIуни, КIудияб Бергьенлъиялда хурхун хъилалда тIад сурат бахъи

### АТКялъул заседание тIобитIана Бакълъул мухъалда

**2022-абилеб соналъул 26-абилеб апрелалда Бакълъул районалъул администрациялда тIобитIана АТКялъул заседание. Тадбир рагьана ва бачана муниципалитеталъул бетIер, районалъул АТКялъул председатель Гьалип Гьалиповас. Дандельиялда гIахьаллъи гьабуна Бакълъул районалдасан Дагъистаналъул Халкъияб Собраниялъул депутат ХIажимурад МухIамадовас, Дагъистаналъул бетIерасул терроризмалда дандечIеялъул рахъалъ кумекчи Сайпудин Сайповас, районалъул нухмалъулесул заместитель, муниципалитеталъул АТКялъул секретарь Малик Маликовас,**



**Россиялъул Бакълъул мухъалда бугеб ОМВДялъул нухмалъулесул ишал тIуралев Жамалудин Исраповас, бакълъулазул лъайкьеялъул отделалъул нухмалъулев ХIассан ГIалихIажиевас, маданияталъул ва туризмалъул идараялъул нухмалъулев ХIайбула ГIабдурахIмановас, районалъул имам ГIабдурашид ХIажиевас, АТКялъул бетIерав специалист УхIумагIали Загьидовас, ЦРБялъул бетIерав тохтурасул заместитель МухIамадхIабиб Абакаровас, ГО ЧСялъул бетIерав специалист ХIасан ХIасановас ва цогидаз.**

Дандельиялда халгьабуна гьадинал суалазул: «КIудияб ВатIанияб рагъда бергьенлъи босаралдаса 77 сон иналъул хIурматалда тIоритIулел тадбиразда гIадлу-низам чIезаби», «Районалъул лъайкьеялъул, маданияталъул ва туризмалъул отделаз гIолилазда гьоркьоб терроризмалда дандечIеялъул хIалтIаби гьари», «БакIазда Дагъистаналъул АТКялъул хIукмаби тIурай».

Заседаниялъул гIахьалчагIазда гIатIидго халгьабуна щибаб суалалъул, КIудияб Бергьенлъиялда хурхун тадбирал гьариялъул хIинкъи гьечIолъи цIуниялъул масъалаби рорхана, хасаб рагъулаб операциялдаса тIадруссинчIезул хIурматалда акциял тIоритIиялъулги бицана.



КIудияб ВатIанияб рагъда Бергьенлъи босаралдаса 77 сон иналда хурхун муниципалитеталъул искусствоялъул школалъул тарбиячагIазда гьоркьоб хъилалда тIад сурат бахъиялъул конкурс гIуцIана. Тадбир тIобитIана гьеб школалъул мугIалим Нуцалай ГIабдурахIмановалъул жигаралдалъун. Бергьенлъи босаразе ва къиматал бакIал ккуразе искусствоялъул школалъул директор ГIабдулмуслим ГIабдулмуслимовас, бакълъулазул маданияталъул ва туризмалъул нухмалъулесул заместитель МухIамад ГIумардибировас грамотаби ва сайгъатал кьуна.

«Гумбет» РИО

НОМЕРАЛДА РУГО:



РакIалдещвеялъул тадбиралда гIахьаллъана Гьалип Гьалипов
- 2 гьум.





«Нилъергоязе гIоло» абураб пресс-тур тIобитIана Бакълъул районалда
- 2 гьум.



Фашизмалдаса Донбасс эркен гьабулеб буго ИгьалисаМухIамад ГIабдулаевас
- 2 гьум.



Рейхстагалда тIад Бергьенлъиялъул байрахъ борхи – Бергьенлъи босиялъул кIочонареб гIаламат
- 3 гьум.

КIУДИЯБ БЕРГЬЕНЛЪИ БОСАРАЛДАСА – 77 СОН

# РакIалдещвеялъул тадбиралда гIахьаллъана Гъалип Гъалипов

## МугIалимзабигун цIалдохъабаз ва бегавулас чIана гъутIби

**«РакIалдещвеялъул ах» абураб ВатIан бокьиялъул ва тIабигIат цIуниялъул тадбирал тIоритIулел руго ахирал анкьаз Бакълъул мухъалда. Районалъул нухмалъулев Гъалип Гъалиповас иргадулаб нухалъ гIахьаллъи гьабуна гъутIби чIеялъул тадбиралъулъ. Гьедин, муниципалитеталъул аслияб байдан сверун чIана кидаго гIурччин хутIулел, сверухълъи берцин гьарулел гъутIби.**



«КIудияб Бергьенлъи босун 77 сон иналъул хIурматалда Бакълъул районалъул росабалъ «РакIалдещвеялъул ах» абураб акция тIобитIулеб буго. Дунял фашизмалъул къоралдаса хвасар гьабизелъун гьунар бихьизабурал, рухI кьурал кIочене бегьуларо нилъеда. КIудияб ВатIанияб рагъул ритIухъаб тарих цIуни – щивасул борч. КIиабилеб дуниялалъул рагъул дарсал кIочене бегьуларо»,- ян абуна Гъалип Гъалиповас.

КIудияб ВатIанияб рагъда бергьенлъи босаралдаса 77 сон иналда хурхун рагIинабураб цебе рехсараб акциялъулъ гIахьаллъи гьабуна МелъелтIа росдал аслияб школалъул мугIалимаз, цIалдохъабаз, «Сельсовет “Мехельтинский”» поселениялъул нухмалъулев МухIамад ГIабдунасировас ва гьесул хIалтIухъан ХIажияв МухIамадовас.

Гьеб цIалул идараялъул директор Зульфия ХIажимурадовалъул рагIабазда рекъон, ракIалдещвеялъул тадбирал тIоритIиялде кIудияб кIвар буссинабизе ккола. «Лъималазул гIагараб ракьалъул тарих лъазабиялде гьитIинго гьира бижинабиялъ кIудияб кумек гьабула хадубккунги гьезул битIараб пикру букIиналъе, квербакъула къосараб къавмалдаса рикIкIадго чIезе, ритIухъаб нух щулаго ккезе»,- ян абуна Зульфия ХIажимурадовалъ.

«Гумбет» РИО

# Баркула кIалбиччаялъул гIид

**Хирияв диналъул вацал ва яцал! Ахиралде щвана баракатаб, жинда жаниб хирияб Къуръан рещтIараб, Лайлатул къадриялъ кIодо гьабураб Рамазан моцI. Гьеб моцI лъугIидал, бусурбабаз кIодо гьабула кIалбиччаялъул гIид ва Аллагьасда гьарула хирияб Рамазан моцIалъ ккурал киназулго кIалал, рарал какал, гьабураб лъикIаб гIамал къабул гьабеян.**

Баркула киназдаго гьеб кIалбиччаялъул гIид! Хириял Ражаб, ШагIбан ва Рамазан моцIаз гьарурал лъикIал гIамалалги киназулго къабул гьареги, гьел хадусел моцIаз цIикIкIинаризе тавпикъги кьеги. БетIергьанас киназулго гIидалъул какалги, рахьарал сахIалги, кьураб садакъаги къабул гьабеги.

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер Гъалип Гъалипов**

ГIЕЛМУ-ХАЗИНА

# ТIабигIиял гIелмабазул дарсазул хIасилал лъикIлъизари

## Семинаралда гIахьаллъаразе сертификаталги кьуна

**«ЦIалдохъабазул тIабигIиял гIелмабазул рахъалъ лъай борхизаби» абураб муниципалияб семинар тIобитIана Бакълъул районалъул ЛъаратIа росдал гьоркьохъеб школалда. Тадбиралда гIахьаллъи гьабуна муниципалитеталъул нухмалъулесул заместитель Малик Маликовас, районалъул лъайкьеялъул идараялъул нухмалъулев ХIассан ГIалихIажиевас, гьесул заместитель ГIали ГIумархIажиевас, методистаз, лъайкьеялъул отделалъул махщалилаз, школазул нухмалъулезул заместителаз, тIабигIиял гIелмабазул мугIалимаз.**

Семинаралда халгьабуна цIалдохъабазда биология, химия, физика, география, астрономия лъикI бичIчIинабиялъул, гьезул лъай борхизабизе нухдаинаризе хIажатал къагIидабазул. Къиматаб даражаялда ана тадбиралъулги хIалтIи, дандельиялда гIахьаллъаразе сертификаталги кьуна.

«Гумбет» РИО

# «Нилъергоязе гIоло» абураб пресс-тур тIобитIана Бакълъул районалда

**«Гумбет» медиагруппаялъ «Нилъергоязе гIоло» абураб пресс-тур тIобитIана Дагъистаналда. Гьедин, «Дагъистан» РГВКялъул журналистаз видеоматериалал хIадурана Мурадов Къурбан Дибировичас, МухIамадов АхIмад ГIалихIмаевичас ва ХIажимурадов Шамил УхIумаевичас Украина неофашистаздаса бацIцIад гьабизе мурадалда Россиялъул Президент Владимир Владимирович Путиница рагIинабураб хасаб рагъулаб операциялда бихьизабураб бахIарчилъиялъул.**



«Гумбет» медиагруппаялъул бетIерав редактор, Россиялъул Хъвадарухъабазул гIуцIиялъул гIахьалчи, Александр Блокил цIаралда бугеб премиялъул лауреат ХIамзат ГIизудиновас баян гьабуна фашизмалъул ва неофашизмалъул рахъ ккурал бергьине кьотIи гьечIолъиялъул, дуниялалъул кIиабилеб рагъул хIасилалгун ва тарихгун рагъи инсаниятальe хIинкъи бугеб иш букIин.

«Европаялъул цо-цо улкабаз дунял фашистаздаса эркен гьабурал советиял рагъухъабазе рарал памятникал риххизарулел руго. БитIараб пикруялъул гIадамаз къабул гьабуларо фашистазул вахIшияб гIамал. 9-абилеб Май – инсаниятальe роцIцIараб зоб сайгъат гьабураб къо. Жакъаги хIаракат бахъулеб буго Россиялъ дуниялалда фашизм тIибитIичIого букIиналъе. Бергьине гьечIо квешлъи, гьереси дунялалда тIибитIизабулел», - ян абуна ХIамзат ГIизудиновас.

Гьединго араб анкьалъ Бакълъул районалъул бетIер Гъалип Гъалиповас, Бакълъулазул мухъалъул рагъулав комиссар Арсен МухIамадовас Бихьинчилъиялъулал орденал кьуна Украина неофашистаздаса эркен гьабизе мурадалда Россиялъул Президент Владимир Владимирович Путиница рагIинабураб хасаб рагъулаб операциялдаса тIадруссинчIен рагъухъабазул хъизаназе.

Первомайск росдал гьоркьохъеб школалда тIобитIана Къурбан Мурадов кIодо гьавураб тадбир. Арсен МухIамадовас ва Гъалип Гъалиповас Къурбан Мурадовасул эмен Дибир Мурадовасухъе кьуна васасул Бихьинчилъиялъулаб орден ва баян гьабуна гьес бихьизабураб гьунаралдаса Россия чIухIараб букIин.

ЦIияб ЦIилихь росдал гьоркьохъеб школалда тIобитIана АхIмад МухIамадов ракIалдещвеялъул тадбир. ГIалихIма МухIамадовасухъе кьуна васасул Бихьинчилъиялъул орден. Дибир Мурадов ва ГIалихIма МухIамадов гьединго къабул гьарун рукIана Дагъистаналъул нухмалъулев Сергей ГIалимович Меликовасги.

«Гумбет» РИО

ЧАРАНЛЪУН КЪВАКIУЛА, КЪО ККАРАБ МЕХАЛЪ

# Фашизмалдаса Донбасс эркен гьабулеб буго Игьалиса МухIамад ГIабдулаевас

**Рагъулаб часталъул нухмалъулез лъазабуна Бакълъул районалъул Игьали росулъа гьитIинав**



**сержант, водитель МухIамад ГIабдулаевас Донбасс неофашистаздаса эркен гьабиялъул хасаб рагъулаб операциялъулъ бихьизабураб гьунаралъул.**

Гьес рагъулаб борч борхула букIараб рагъулаб часталъул нухмалъулез ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабулеб буго ВатIан цIунулезул кьерда чIезе бугеб гьира ва хасаб рагъулаб операциялда бихьизабураб бахIарчилъиялъухъ.

«Нижер рагъулаб часталда хъулухъ борхизе байбихьаралдаса ГIабдулаев МухIамад Ибрагьимовичас бихьизабуна тIад къараб иш лъикI ва гIужда тIубалев, гIадлу бугев аскарияв жив вукIин. Россиялъул рагъулал къуватазул гIаммаб рагъулаб устав къокъидго лъазабуна, щибаб иш лъикI тIубазе хIаракат бахъула»,- ян хъван буго баркалаялъулаб кагъаталда.

«Гумбет» РИО

# Бакълъулазул тIалабал жигарго тIубаразе – шапакъатал

БакIалъулаб нухмалъиялъул хIалтIухъабазул къоялда хурхун рохалилаб тадбир тIобитIана араб анкьалъ Бакълъулазул районалда. Данделъиялъул гIахьалчагIаздехун гьабураб саламалъулаб кIалъаялда муниципалиталъул нухмалъулев Гъалип Гъалиповас баян гьабуна бакIалъулаб тIалъиялъул вакилзабазул хIалтIул даражаялда бараб букIин щибаб росдал тIадамазул гIумрудул шартIал лъикIлъи.

Баркиялъул кIалъай гьабизе цере рахъана бакIалъулаб тIалъиялъул идарабазул ветеранал ЮнусIажи ХIамзатов, АхIмад Каримов ва цогидал. Гъалип Гъалиповас шапакъатаздалъун кIодо гьаруна бакълъулазул масъалаби тIуразе, гIагараб ракь цебетIезе мурадалда хIалтIулъ тIокIлъи бихьизабурал росдал бегавулзаби, бакIалъулаб нухмалъиялъул идарабазул ветеранал.

«Гумбет» РИО

АРАЛДА ТАМАНЧА РЕЧIЧIАНИ...

# Рейхстагалда тIад Бергьенлъиялъул байрахъ борхи – Бергьенлъи босиялъул кIочонареб гIаламат

**Бакълъул районалъул централияб библиотекаялда «Рейхстагалда тIад Бергьенлъиялъул байрахъ борхи – СССРалъ фашистазулаб Германиялда тIад бергьенлъи босиялъул кIочонареб гIаламат» абураб темаялда тIасан гургинаб стол гIуцIана. Муниципалитеталъул маданияталъул ва туризмалъул отделалъ тIобитIараб тадбиралда гIахьаллъи гьабуна бакълъулазул администрациялъул махщалилав ГIабдурахIман Дайитмирзаевас ва цогидаз.**

Дандеруссиналъул гIахьалчагIаз ракIалде щвезаруна КIудияб ВатIанияб рагъул аслиял лъугьа-бахъинал, Рейхстагалда тIад Бергьенлъиялъул байрахъ борхиялъул тарих, гьединго баян гьабуна ВатIан бокьиялъул тадбирал гIуцIиялъ цIиял гIелазул битIараб пикру бижинабизе квербакъулеблъи.

**Макка МухIамадова**

ОБЪЯВЛЕНИЕ

# В Гумбете проходят мероприятия по ликвидации бесхозяйных объектов электросетевого хозяйства

**Во исполнение поручения Президента Российской Федерации В.В. Путина по вопросам развития топливно-энергетического комплекса и Плана основных мероприятий по ликвидации бесхозяйных объектов электросетевого хозяйства на территории МР «Гумбетовский район» Республики Дагестан, утвержденного с филиалом ПАО «Россети Северный Кавказ»-«Дагэнерго», администрация МР «Гумбетовский район» проводит работу по инвентаризации электрических сетей, расположенных на территории МР «Гумбетовский район» в целях выявления бесхозяйных объектов электросетевого хозяйства.**

По результатам проведенной совместной работы с Гумбетовскими РЭС составлен перечень объектов электросетевого хозяйства, имеющих признаки бесхозяйных вещей. Администрацией МР «Гумбетовский район» будут приняты меры по оформлению права муниципальной собственности на эти объекты.

Для уточнения информации можно обратиться по тел: 8928 947 24 22.

| № п/п | Село района | Объекта электроэнергетики | Местонахахождение объекта электроэнергетики | (Пользователь) объекта электроэнергетики | Примичание |
|---|---|---|---|---|---|
| 1 | Гумбетовский район, с.Н.Инхо | ПС Тлох ф-1 ктп 1-31/400 | Около реки, площадки | Население | Для РЭС/ бес хоз |
| 2 | Гумбетовский район,с. Мехельта | КТП 3-14/400 кВА | Около магазина, поликлиники, Мехельта. | Население | Для РЭС/ бес хоз |
| 3 | Гумбетовский район,с. Игали | КТП 1-13/100 кВА | Г1осо хуриб | Население | Для РЭС/ бес хоз |
| 4 | Гумбетовский район,с. Аргвани | КТП 2-5/630 кВА | Около дома, Назирова Магомеда | Население | Для РЭС/ бес хоз |
| 5 | Гумбетовский район,с. Мехельта | КТП 2-3/400 кВА | Хабалалъ, Х1авузалда | Население | Для РЭС/ бес хоз |
| 6 | Гумбетовский район,с. Мехельта | КТП 2-20/25 кВА | Вышка, Исана гох1да | Население | Для РЭС/ бес хоз |
| 7 | Гумбетовский район,с. Сивух | КТП 2-24/160 кВА | с. Ст.Сивух | Население | Для РЭС/ бес хоз |
| 8 | Гумбетовский район,с. Аргвани | ВЛ-10 Л-1 ст п/ст. Аргвани №147-201(3,25км) | Г1анк1и рохь | Население | Для РЭС/ бес хоз |
| 9 | Гумбетовский район,с. Аргвани | ВЛ-10 КВ Л-1 от п/ст. Аргвани №1-36(2,16км) | Ц1и бараб линия Н. Аргваниб, Ж/Б | Население | Для РЭС/ бес хоз |
| 10 | Гумбетовский район,с. Мехельта | КТП 3-21/160 кВА | с.Мехельта МЧС/МФЦ | Население | Для РЭС/ бес хоз |
| 11 | Гумбетовский район, с.Н.Аргвани | ПС Аргвани ф-2 ктп 2-18/400 | Н.Аргвани, ицухъ | Население | Для РЭС/ бес хоз |
| 12 | Гумбетовский район, с.Н.Инхо | ПС Тлох ф-1 ктп 1-30/160 | За старой мечетью | Население | Для РЭС/ бес хоз |
| 13 | Гумбетовский район, с.Игали | ПС Игали ф-1 ктп 1-19/400 | Шагьидхановасул к1к1алахъ | Население | Для РЭС/ бес хоз |
| 14 | Гумбетовский район, с.Тантари | ПС Сагры ф-1 ктп 1-5/100 | с.Тантари | Население | Для РЭС/ бес хоз |
| 15 | Гумбетовский район, с.Чирката | ПС Сагры ф-1 ктп 1-23/400 | с.Чирката, хабалалъ | Население | Для РЭС/ бес хоз |
| 16 | Гумбетовский район, с.Чирката | ПС Сагры ф-1 ктп 1-24/400 | с.Чирката, около администрации | Население | Для РЭС/ бес хоз |
| 17 | Гумбетовский район, с.Н.Аргвани | ПС Аргвани ф-2 ктп 2-17/400 | Г1алибулатил минаялъул хьибилалда | Население | Для РЭС/ бес хоз |
| 18 | Гумбетовский район, с.Чирката | ПС Сагры ф-1 ктп 1-17/100 | с.Чирката Сонгрохъ | Население | Для РЭС/ бес хоз |
| 19 | Гумбетовский район,с. Мехельта | КТП 2-2 /400 кВА | с.Мехельта, ул. Горная | Население | Для РЭС/ бес хоз |
| 20 | Гумбетовский район,с. Мехельта | КТП 3-22/400 кВА | с.Мехельта, КОК | Админ /Население | Для РЭС/ бес хоз |
| 21 | Гумбетовский район,с. Аргвани | КТП 1-2/10 кВА | Г1анк1и рохь, вышка | Население | Для РЭС/ бес хоз |
| 22 | Гумбетовский район, с.Чирката | ПС Сагры ф-1 ктп 1-26/100 | с.Чирката, старый завод | Население | Для РЭС/ бес хоз |
| 23 | Гумбетовский район,с. Игали | КТП 1-10/25 кВА | с.Игали, уч. больница | Больница/Население | Для РЭС/ бес хоз |
| 24 | Гумбетовский район, с.Игали | ПС Игали ф-1 ктп 1-17/400 | с.Игали Апандил к1алт1а | Население | Для РЭС/ бес хоз |
| 25 | Гумбетовский район, с.Н.Инхо | ПС Тлох ф-1 ктп 1-5/250 | Фермаялдеххун, консервный цех | Население | Для РЭС/ бес хоз |
| 26 | Гумбетовский район, с.Н.Инхо | ПС Тлох ф-1 ктп 1-29/400 | Гъоркь Инхо росулъе щвелалде нухаб | Население | Для РЭС/ бес хоз |

# Национальный календарь профилактических прививок

**Только профилактические прививки могут защитить Вас и ваших детей от таких заболеваний, как полиомиелит, коклюш, дифтерия, столбняк, гепатит В, туберкулез, корь, эпидемический паротит (свинка), краснуха.**

Бытующее мнение о том, что защита от этих инфекций может быть достигнута иммунными неспецифическими методами, не имеет никаких оснований. Благодаря прививкам человечество ликвидировало натуральную оспу, последнее заболевание которой было зарегистрировано в 1977 году. А ведь еще за 10 лет до этой даты оспой ежегодно заболевало 10 миллионов человек,1 миллион из которых умирало ежегодно.

По данным Всемирной организации здравоохранения (ВОЗ),вакцинация предотвращает ежегодно 180 миллионов случаев заболеваний коклюшем, дифтерией, столбняком и корью, 3,2 миллиона смертельных исходов этих инфекций,400 тысяч паралитических форм полиомиелита и 2,4 миллиона случаев хронического гепатита В.

Отечественные вакцины отвечают всем требованиям ВОЗ, по эффективности и реактогенности, не отличаются от аналогичных препаратов ведущих зарубежных фирм и защищают от заболеваний до 95% привитых.

В целях охраны здоровья населения в нашей стране принят Закон «Об иммунопрофилактике инфекционных болезней». Согласно этому закону в России действует календарь профилактических прививок.

Чем же опасны заболевания, прививки против которых включены в календарь?

ПОЛИОМИЕЛИТ - заболевание, которое приводит к развитию вялых параличей, сохраняющихся всю жизнь и делающих заболевшего инвалидом.

ГЕПАТИТ В - примерно у 1%заболевших развивается молниеносная форма, почти всегда заканчивающаяся летально. Очень опасна и хроническая форма, приводящая, особенно в случае заболевания в детстве, к циррозу и раку печени.80% случаев заболевания последним обусловлены гепатитом В.

ТУБЕРКУЛЕЗ - развитие генерализованных, часто устойчивых к антибиотикам форм, в том числе туберкулезного менингита.

КОКЛЮШ - развитие пневмоний (до 25% заболевших), судорог(3%)энцефалопатии(1%).

| ВОЗРАСТ | Наименование прививок |
|---|---|
| Новорожденные (первые 12ч.жизни) | Первая вакцинация против вирусного гепатита В |
| Новорожденные (3-7 дней) | Вакцинация против туберкулеза |
| 1 месяц | Вторая вакцинация против вирусного гепатита В |
| 3 месяца | Первая вакцинация против дифтерии, коклюша, столбняка, полиомиелита |
| 4.5месяца | Вторая вакцинация против дифтерии, коклюша, столбняка, полиомиелита. |
| 6месяца | Третья вакцинация против дифтерии, коклюша, столбняка, полиомиелита. Третья вакцинация против вирусного гепатита В. |
| 12 месяцев | Вакцинация против кори, краснуха, эпидемического паротита. |
| 18 месяцев | Первая ревакцинация против дифтерии, коклюша, столбняка .полиомиелита |
| 20месяцев | Вторая ревакцинация против полиомиелита |
| 6 лет | Ревакцинация против кори, краснухи, эпид.паротита. |
| 7 лет | Ревакцинация против туберкулеза. Вторая ревакцинация против дифтерии, столбняка. |
| 13 лет | Вакцинация против краснухи(девочки).Вакцинация против вирусного гепатита В(ранее не привитые) |
| 14 лет | Третья ревакцинация против дифтерии, столбняка. Ревакцинация против туберкулеза. Третья ревакцинация против полиомиелита |
| взрослые | Ревакцинация против дифтерии, столбняка-каждые 10 лет от момента последней ревакцинации. |

ДИФТЕРИЯ - поражение миокарда, почек, периферических нервов. Частота летальных исходов до 10%.

СТОЛБНЯК - заболевание, поражающее нервную систему и сопровождающееся высокой летальностью вследствие паралича дыхания и сердечной мышцы. Дети, рожденные матерями, привитыми против столбняка, надежно защищены от столбняка новорожденных

КОРЬ - заболевание, осложняющееся развитием отита (7-9%),пневмонии, не поддающейся антибиотикотерапии (1-6%),энцефалита (0,1%),смерти (0,01%). Риск тяжелых осложнений и смерти особенно высок у маленьких детей.

ЭПИДЕМИЧЕСКИЙ ПАРОТИТ (СВИНКА) - у 10% заболевание, осложняющееся серозным менингитом, в отдельных случаях воспалением поджелудочной железы. Свинка, перенесенная в детстве, является одной из причин развития мужского и женского бесплодия, т.к.вирус может поражать яички и яичники.

**Уважаемые родители, знайте, прививая ребенка, вы защищаете его от инфекционных болезней. Отказываясь от них, вы рискуете здоровьем и жизнью своего ребенка.**

ДОКУМЕНТЫ

# Собрание депутатов сельского поселения «Село Гадари»

## Решение № 03

от 4 апреля 2022 г. с. Гадари

**«Об утверждении отчета об исполнении бюджета СП «Село Гадари» за 2021 год**

Руководствуясь Бюджетным кодексом Российской Федерации и Федеральным законом Российской Федерации от 06 октября 2003 года №131-ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации», Бюджетным Законодательством Республики Дагестан, Уставом АСП «Село Гадари» послушав доклад главы сельского поселения об исполнении бюджета СП «Село Гадари» за 2021 год Собрание депутатов:

Решает:

1.Утвердить отчет об исполнении бюджета СП «Село Гадари» Гумбетовского района за 2021 год:

- по доходам в сумме 1863,0 тыс. рублей согласно приложению №1 к настоящему решению

- по расходам в сумме 1782,0 тысяча рублей согласно приложению №2 к настоящему решению

2. Настоящее решение вступает в силу с момента принятия и подлежит официальному опубликованию в районной газете «Гумбет»

**Председатель Собрания депутатов СП «Село Гадари»**
**Магомедов М. М.**

**Приложение № 1**
**к решению Собрания депутатов сельского поселения «Село Гадари»**
**от 4 апреля 2022 г. № 03**

## Доходы бюджета сельского поселения «Село Гадари» за 2021 год

(тыс. руб.)

| Наименование показателей | КОДЫ классификации доходов бюджетов | План на 2021 год | Фактически исполнено за 2021 год | % исполнения |
|---|---|---|---|---|
| Налог на доходы физических лиц | 18210102010011000110 | 1,0 | 1,3 | 130,0 |
| Налог на имущество физических лиц | 18210601030100000110 | 2 | 0,7 | 35,0 |
| Пения на налог на имущество физических. Лиц | 18210601030100000110 | | | |
| Земельный налог (пп1п1ст394) | 18210606033101000110 | 28,0 | | |
| Пения на земельный налог (пп1п1ст394) | 18210606033102100110 | | | |
| Земельный налог (пп2п1ст394) | 18210606043101000110 | | | |
| Неналоговые доходы | | | | |
| ИТОГО СОБСТВЕННЫХ ДОХОДОВ | | 31,0 | 2 | 100,8 |
| БЕЗВОЗМЕЗДНЫЕ ПОСТУПЛЕНИЯ | | 1861,0 | 1861,0 | 100,0 |
| Дотация сельскому поселению из ФФПП | 00120215001100000150 | 1153,0 | 1153,0 | 100,0 |
| Субсидии в т числе | | 300,0 | 300,0 | 100,0 |
| Субсидии бюджетам поселений на строительство модернизацию, ремонт и содержании автомобильных дорог общего пользования | 00120220041100000150 | 300,0 | 300,0 | 100,0 |
| Иные межбюджетные трансферты в т.ч. средства бюджетам поселений на выполнение переданных полномочий | 00120240014100000150 | 324,0 | 324,0 | 100,0 |
| Субвенции | | 84,0 | 84,0 | 100,0 |
| | в том числе | | | |
| Выполнение полномочии по первичному воинскому учету на территориях, где отсутствуют военные комиссариаты (ВУС) | 00120235118100000150 | 84,0 | 84,0 | 100,0 |
| **ВСЕГО ДОХОДОВ** | | **1892,0** | **1863,0** | **98,5** |

**Приложение №2**
**к решению Собрания депутатов сельского поселения «Село Гадари» за 2021 год**
**от 4 апреля 2022 г. № 03**

## Исполнение бюджета по расходам сельского поселения «Село Гадари» за 2021 год

(тыс. руб.)

| Наименование | адм. | Рз | ПР | ЦСР | Лимит бюджетных обязательств на 2021 г. | Кассовые выплаты за 2021 г. | % выполнения |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| **ВСЕГО** | | | | | **2163,0** | **1782,0** | **82,4** |
| Общегосударственные вопросы | 001 | 01 | 00 | 9900010040 | 1278,0 | 1097,0 | 85,8 |
| Функционирование Правительства РФ, высших исполнительных органов государственной власти субъектов РФ, местных администраций | 001 | 01 | 04 | 9900010040 | 1278,0 | 1097,0 | 85,8 |
| Национальная оборона | 001 | 02 | 00 | 9980051180 | 84,0 | 84,0 | 100,0 |
| Мобилизация и вневойсковая подготовка (ВУС) | 001 | 02 | 03 | 9980051180 | 84,0 | 84,0 | 100,0 |
| Национальная экономика | 001 | 04 | 00 | 9900040200 | 560,0 | 557,0 | 99,5 |
| Дорожный фонд | 001 | 04 | 09 | 9900040200 | 560,0 | 557,0 | 99,5 |
| **Жилищно-коммунальное хозяйство** | ***001*** | ***05*** | 00 | 9900040010 | 226,0 | 29,0 | 12,8 |
| Благоустройство | 001 | 05 | 03 | 9900040010 | 226,0 | 29,0 | 12,8 |
| **Молодежная политика** | *001* | *07* | *07* | ***9900070050*** | **5,0** | 5,0 | 100,0 |
| **Физкультура и спорт** | *001* | *11* | *02* | ***9900090100*** | 10,0 | 10,0 | 100,0 |

БетIерав редактор:
ХIамзат МухIамадович ГIизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь:
Зугьра ГIабдулкъадирова
Корреспондентал:
Хадижат Мазгарова,
Макка МухIамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес:
МахIачхъала, Петр
ТIоцевесесул къватI, 61

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гьоркь
Учредитель:
РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1001
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №___

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.